**दिन—मंगलवार** **दिनांक—15.04.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय देश मे बाल तस्करी सँ जुड़ल अपराध के रोकबाक आ त्वरित सुनवाई के लेल कड़गर दिशा निर्देश जारी कयलक अछि। न्यायामूर्ति जे.बी पारदीवाला आ आर महादेवनक पीठ देशक उच्च न्यायालय सभ के निर्देश देलक अछि जे ओ निचुलका अदालत सभ के बाल तस्करी के मामिलाक सुनवाई छओ मास मे पूरा कऽ लेल जयबाक निर्देश दैथ।

————————————————————————

बिहार विधानसभा चुनाव के लऽकऽ आइ नव दिल्ली मे कांग्रेस आ राजद नेता लोकनिक एक महत्तपूर्ण बैसक भेल। कांग्रेसक राष्ट्रीय अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे के आवास पर आयोजित एहि बैसक मे राष्ट्रीय जनता दलक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव, कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश कुमार आ पार्टीक बिहार प्रभारी कृष्णा अल्लावरू सहित दुनू दलक कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि सम्मिलित भेलाह। लगभग आधा घंटा धरि चलल एहि बैसक मे आगामी विधानसभा चुनाव मे दुनू दलक मध्य सीटक बटवारा आ मुख्यमंत्री पदक उम्मीदवार सहित कतेको बिन्दु पर विचार विमर्श कयल गेल। बैसक के बाद पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि जे समय अयला पर सत्रह अप्रील के पटना मे महागठबंधनक बैसक मे सभ घटक दलक संग चर्चा कयल जायत आ आगाँ रणनीति बनाओल जायत।

————————————————————————

एहि मध्य भाजपा कांग्रेस आ राजदक भेल बैसक पर अपन प्रतिक्रिया दैत कहलक अछि जे बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीए के कोनो चुनौती नहि अछि। पार्टीक वरिष्ठ नेता आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे नीतीशे कुमार बिहारक मुख्यमंत्री रहताह।

—————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक चौबीस अप्रील के मधुबनी दौरा के लऽकऽ तैयारी तेज भऽ गेल अछि। एहि के लऽकऽ आइ समस्तीपुर मे एनडीए कार्यकर्ता लोकनिक एक बैसक आयोजित कयल गेल। बैसक के संबोधित करैत जदयूक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय मंत्री ललन सिंह कहलनि जे प्रधानमंत्रीक ई रैली ऐतिहासिक होयत। एम्हर, स्थानीय सांसद आ लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक नेता शांभवी कहलनि जे प्रधानमंत्रीक कार्यक्रम के लऽकऽ कार्यकर्ता लोकनि विशेष उत्साहित छथि।

—————————————————————————————————

केन्द्र सरकार प्रधानमंत्री आवास योजना, ग्रामीण के अंतर्गत वित्तीय वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीस के लेल पाँच लाख बीस हजार सात सय बियालीस अतिरिक्त आवास आवंटित कयलक अछि। एहि अतिरिक्त आवासक आवंटन सँ प्रदेश मे पीएम आवास योजनाक वर्ष दू हजार अठारह सँ चलि आबि रहल प्रतीक्षा सूची समाप्त भऽ गेल अछि। केन्द्रीय ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान मुख्यमंत्री नीतीश कुमार के एहि संबंध मे जनतब देलनि अछि।

—————————————————————————————————

राज्य सरकार नाविक आ गोताखोर सभ के पाँच लाख टाका धरिक बीमा उपलब्ध कराओत। पिछड़ा वर्ग आ अति पिछड़ा वर्गक कल्याण मंत्री हरि सहनी कहलनि जे मल्लाह समुदायक लोक सभ के दू लाख टाका धरिक जीवन बीमा कराओल जायत। श्री सहनी कहलनि जे नाह आ नाविक के निःशुल्क पंजीकरण कयल जायत। एकर अलावे चालीस सँ साठि प्रतिशत धरिक सब्सिडी नाह कीनबा पर देल जायत।

—————————————————————————————————

कला संस्कृति आ युवा विभागक मंत्री मोती प्रसाद आइ पटना मे बिहार आर्टिस्ट रजिस्ट्रेशन पोर्टल के उद्घाटन कयलनि। एहि अवसर पर श्री प्रसाद कहलनि जे एहि पोर्टल के माध्यम सँ राज्यक कलाकार लोकनि अपन निबंधन करा सकताह आ ई पोर्टल राज्यक कलाकार लोकनि के एक मंच प्रदान करत।

———————————————————————————————————

भारत सँ हज यात्रा पर जायवला तीर्थयात्री लोकनिक कोटा बढ़ा कऽ एहि वर्ष एक लाख पचहत्तरि हजार कऽ देल गेल अछि। दू हजार चौदह मे ई संख्या एक लाख छत्तीस हजार छल। सोशल मीडिया पोस्ट मे अल्प संख्यक मामिलाक मंत्रालय जनौलक जे ओ भारतक हज समिति के माध्यम सँ मुख्य कोटाक अंतर्गत एक लाख बाईस हजार सँ बेसी तीर्थ यात्री लोकनिक प्रबंध कऽ रहल अछि। मंत्रालय जनौलक अछि जे एहि यात्रा के लऽकऽ सभ आवश्यक तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि।

———————————————————————————————————

मिथिलांचलक प्रसिद्ध पावनि जुड़ि शीतल आइ श्रद्धा आ उत्साहक संग मनाओल जा रहल अछि। आइ सँ मैथिली पंचागक अनुसार नव वर्ष सेहो शुरू होयत अछि। एहि पावनि मे घरक श्रेष्ठजन सभ गोटे के बसिया पानि माथ पर दऽकऽ जुड़बैत छथि। आजुक दिन गाछ वृक्ष के सेहो जुड़ाओल जायत अछि। ई जल संरक्षण, पर्यावरण संरक्षण आ पारिवारिक समरसता के पावनि अछि।

———————————————————————————————————

दरभंगा जिलाक बिरौल थाना अंतर्गत दू फराक–फराक सड़क हादसा मे दू गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि दू आन गोटा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेलाह। घटना सँ आक्रोशित लोक सभ सड़क जाम कऽ प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————————————————————

मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक अंतर्गत प्रदेशक बेसीतर भाग मे हल्का वर्षा हेबाक पूर्वानुमान जनौलक अछि। एहि दरमियान राज्य दक्षिण–पूर्वी भाग मे चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलबाक आ मेघ गरजबाक तथा ठनका खसबाक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————————————

समाप्त भेल।